building one community
The Center for Immigrant Opportunity

**Kisa pou fe si ice arete yon pwoch ou?**
**PREMYE SA POU FE SE PREPARE W!**

- ✓ Asire w ke tout manm fanmi w konnen nimewo telefòn pa kè! Yo gendwa pa kabap chèche li si yo arete yo.
- ✓ Kenbe yon kopi tout dokiman enpòtan fanmi w nan yon kote ansekirite (nenpòt dokiman ki gen rapò ak imigrasyon oswa zafè kriminèl, paspò, ak batistè, kat idantite, sètifika maryaj elatritye…).

**Men ki etapa pou pran depi s ata rive**

1) **Jwenn Nimewo A oswa Alien Number (A#)**
   - Se yon nimewo 9 chif otorite imigrasyon yo bay ki toujou konmanse ak lèt "A".
   - ICE ap bay yon A# si yo arete moun nan.
   - Si fanmi ou oswa zanmi ou te fè yon demann ak imigrasyon deja, li ka gen yon A# nan dokiman imigrasyon li yo.
   - Si yo te arete li sou fwontyè a epi yo te kite l antre, li ka deja gen yon nimewo A. Yap jwenn lin nan papye yo te remèt sou fwontyè a).
2) **Jwenn Li Nan Yon Sant Detansyon**
   - Itilize lyen sit ICE la pou jwenn moun nan sou entènèt: https://locator.ice.gov/odls/#/search
   - Chèche li ak Nimewo A li ak peyi kote li fèt oswa enfòmasyon pèsonèl li.
   - ICE bay yon lis sant detansyon li yo soul yen sa: https://www.ice.gov/detention-facilities
   - Li ka pran plizyè jou anvan kote oswa enfòmasyon moun yo arete a parèt sou sit ICE la.
3) **Pran Kontak ak li epi ale wè li**
   - Yon fwa ou jwenn kote yo kenbe moun nan ICE arete a , kontakte sant detansyon an pou w mete yon randevou pou apèl oswa vizit. Gen sant ki pèmèt vizit an pèson,gen lòt ki pèmèt selman apèl videyo.
   - Chak sant gen pwosesis pa yo pou kreye kont telefòn pou moun yo arete a ka rele. Kontakte sant detansyon an pou w mande kijan ou kabap kreye yon kont telefòn nan sant lan pou moun nan.
   - Ou kapab kontakte sant lan pou konnen kijan pou voye lajan si ou vle pou moun nan achte manje ak lòt atik esansyèl premye nesesite nan sant detansyon an.
4) **Jwenn Enfòmasyon sou Tribinal Imigrasyon Li**
   - Itilize Nimewo A (A#) moun na pou tcheke enfòmasyon sou nenpòt odyans tribinal nan https://acis.eoir.justice.gov/en/ oswa rele 1-800-898-7180 epi swiv enstriksyon yo; 2 lang sèlman ki disponib anglè oswa panyòl.

---

**Eske L'ap Gen Yon Odyans Tribinal?**

1) **Moun Ki PA Gen Dwa Pou Yon Odyans**
   - Moun ki gen yon lòd depòtasyon deja: Si yon jij te bay yon lòd depòtasyon deja paske li pa t parèt nan tribinal, li te pèdi randevou devan jij imigrasyon oswa li pa t elijib pou yon odyans. ICE ka depòte li anba lòd sa.
   - Moun ki te deja depòte: ICE ka depòte moun ki te deja depòte, enkli moun ki te depòte atravè pwosesis depòtasyon akselere nan fwontyè san dwa pou odyans.
   - Moun ki gen kondanasyon pou krim grav epi ki pa gen estati legal.

- Moun ki te arete tou prè fwontyè yo ka sibi yon pwosesis depòtasyon akselere, sof si yo deklare ke yo gen kè sote pou retounen nan peyi yo epi yo pase entèvi ki rele “Critical Fear Interview” ak yon ofisye azil.

2) **Moun Ki Gen Dwa Pou Yon Odyans**
   - Pifò imigran, enkli moun san papye ki viv Ozetazini.
   - ICE ap bay yo yon Avi Pou Parèt devan yon jij (Notice to Appear oswa NTA), ki louvri ka yo nan tribunal imigrasyon.
   - Dat odyans ki sou NTA a ka pa kòrèk—tcheke portal tribinal la pou mizajou, paske tribinal la gendwa chanje dat odyans lana pre yo remèt NTA a.
   - **Kisa Ki ka pase Nan Odyans Lan?** Yon imigran jeneralman gen plizyè odyans pandan ka depòtasyon li. Si li mande plis tan pou jwenn yon avoka, s aka rive jij imigrasyon an fikse yon nouvo odyans pou bay li opòtinite pou chache yon avoka. Li ra pou yo depòte yon moun nan premye odyans li sof si li di klèman ke li vle yon lòd depòtasyon.

---

**Eske Li Ka Libere Sou Kosyon (pou li peye pou yo libere li) ?**
Gen moun ki elijib pou kosyon, e gen lòt ki pa elijib. Sa depann de istwa imigrasyon yo ak dosye kriminèl yo.
**Moun ki pa elijib pou kosyon:**

- Se moun ki gentan gen lòd depòtasyon , moun yo te gentan depòte, oswa moun ki gen kondanasyon pou krim grav.

Lòt moun ka mande yon odyans pou mande kosyon. Jeneralman yon moun gendwa mande odyans sa yon sèl fwa, li pi bon pou w genyen asistans yon avoka.

---

**Jwenn Yon Avoka Imigrasyon**
Tribinal imigrasyon yo **PA** bay avoka gratis.
Si ou oswa pwòch ou pa gen yon avoka imigrasyon, li dwe mande jij la plis tan pou jwenn yon moun ki ka reprezante li. Li kapab difisil pou jwenn yon avoka ki disponib, al li pi bon alòs li pi bon kontakte plizyè biwo an menm tan.
**Atansyon ak fwod!**
Notè yo pa avoka Ozetazini epi yo pa gen dwa bay konsèy legal oswa reprezante moun nan tribinal imigrasyon.
**Resous pou Asistans Legal:**
B1C pa reprezante moun nan sitiyasyon sa men nou kapab bawou yon lis avoka ki kapab ede w jwenn reprezantasyon legal. B1C **PA** garanti ke òganizasyon oswa avoka sou lis la ka reprezante w. B1C **PA** responsab pou sèvis sa yo.

---

*Dokiman sa se yon gid general! Ou dwe toujou chèche konsèy legal pou ka pa ou!*